payǵambar hám Aysha ana haqqındaǵı ápsanalar, qaharmanlar kórgen túsleri de orın alǵan. Sonıń menen birge, shıǵarmanıń prologında avtordıń ómir, jámiyet haqqındaǵı tolǵanısları, muhabbat tuwralı pikirleri de keltirilgen. Ayshanıń Embergendi bir kórgennen-aq, oǵan degen ıshqı muhabbat sezimleriniń payda bolıwı, qanday qıyın jaǵdaylardı basınan keshirse de súygen adamına sadıq qalıwı, onıń sanasında júz berip atırǵan oy-qıyalları arqalı sáwlelenedi.

Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı T.Qayıpbergenov biz sóz etip ótken povestleriniń syujetindegi waqıyalardı bayanlawda, insan táǵdirin súwretlewde, qaharmannıń psixologiyasın hár tárepleme tereń ashıp beriwde xronikalıq, konsentrlik, retrospektivlik hám associativlik sıyaqlı bir neshe syujet tiplerinen sheber paydalanıw arqalı olardıń ruwxıy dúnyasına tereń kirip barıp tallaw jasawǵa erisken. Nátiyjede, jazıwshı povestleri menen tanısıp, oqıǵan hár qanday kitap oqıwshısında úlken qızıǵıwshılıq oyanıp, estetikalıq zawıq baǵıshlaw menen este qalıwı sózsiz.

**Ádebiyatlar**


1. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
2. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (Жанрдың эволюциясы). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
3. Ктайбекова З. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ гүрриңлериниң поэтикасы: Филол. илим. филос. докт. (PhD) …дисс.. – Нөкис: 2021.
4. Қайыпбергенов Т. Повестьлер. – Нөкис: «Билим», 2018.
5. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). – Нөкис: «Билим», 2009.
6. Раҳимов А. Ўзбек романи поэтикаси (сюжет ва конфликт): Филол. фанлари д-ри дисс… автореф. – Ташкент: 1993.
7. Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2020.
8. Худайбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. – Тошкент: «Шарқ», 2008.
9. Quronov D. Adabiyotshunoslikka kirish. – Toshkent: Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti, 2004.
10. Sayfuddinova N. Sarvqomat dilbarim asari syujet tizimida retrospeksiya usuli: // FarDU Ilmiy xabarlari. 2022, №4.



**REZYUME.** Maqolada taniqli yozuvchi T.Qayipbergenov asarlari syujet xususiyatlari tahlil qilingan. Tadqiqot obyekti sifatida yozuvchi povestlari tanlab olingan. Povestlardagi syujet tiplari va ularning qo‘llanilishi misollar asosida o‘rganilib, ilmiy xulosalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются особенности сюжета в произведениях известного писателя Т.Кайипбергенова. Объектом исследования были выбраны повествования писателя. На основе примеров изучены типы сюжетов в рассказах и их использование, сделаны научные выводы.

**SUMMARY.** The article analyzes the features of the plot in the works of the famous writer T.Kayipbergenov. The object of the study was the writer's narratives. Based on examples, the types of plots in stories and their use were studied, and scientific conclusions were drawn.


## PUBLICISTIKADA AVTOR POZICIYASÍ


**S.M.Tureshova–** *tayanısh doktorant*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** publisistika, stil, asar, til, janr, reportaj, dialog.

**Ключевые слова:** публицистика, стиль, произведения, язык, жанр, репортаж, диалог.

**Key words:** publicistic, style, literary work, language, genre, reportage, dialogue.


Publicistikalıq tildiń informaciyalıq hám ekspressivlik quralları, ásirese, reportaj janrında ayqın kórinedi. Bul haqqında usı janrdıń izertlewshisi G.Ya.Solganiktiń pikiri dıqqatqa ılayıq. «Baqlawlardıń kórsetiwinshe, – dep jazadı ol, – reportaj… informativlikten sintetikalıqqa qarap bet burmaqta… ol ómir shınlıǵın sáwlelendiriw barısında, bir jaǵınan, qatal hújjetlilikti, obyektivlilikti, protokollılıqtı, al, ekinshi jaǵınan, emocionallıqtı, tartımlılıq, ashıqlılıqtı óz boyına sińirgen gazetanıń eń jetekshi janrına aylanbaqta» [5].

Bul pikirdi tastıyıqlawshı dáliyl sıpatında avtor poziciyasınıń jarqın úlgilerinen birneshe mısal keltirmekshimiz.

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı awdarmashı Muzaffar Axmadtıń «Kitob dunyosi» gazetasında basılǵan «Ziyofat» gúrriń-reportajın alsaq boladı. Reportajdı oqıp otırıp, onıń hár qatarında avtordıń dıqqatlılıǵın, bayqawshılıǵınıń, serliliginiń júzege shıqqanın abaylaymız. Personajlardıń is-háreketleriniń, ishki hám sırtqı pishimleriniń, ım-isharalarınıń, sóylegen sózleriniń eń mayda detallarına deyin avtordıń dıqqatınan shette qalmaydı. Waqıyalar protokoldaǵıday qısqa, dál bayanlanadı. Avtordıń bayanlaw usılı qatań fotografiyalıq hújjetlilik xarakterge iye. Olarǵa qısqalıq, emocionallıq tán. Sonıń menen bir qatarda jazıwshı waqıyalar haqqında informaciyalıq bayanlawda insanıylıq, sociallıq, etikalıq, filosofiyalıq máselelerdi engizedi. Bayanlawshı – avtordıń ózi. Ol waqıyanıń qatnasıwshısı hám júdá serli baqlawshısı bolǵanı bárhama sezilip turadı.

Reportajdıń tiykarındaǵı real hújjetli waqıya qatnasıwshıları da tiykarınan real shaxslar. Qıyaldan qosılǵan hesh nárse joq. Mine usı jaǵdaylar bul shıǵarmanı hesh ekilenbesten reportaj janrınıń qatarına qosıwǵa múmkinshilik beredi.

Avtordıń ózi bul shıǵarmaǵa janrlıq anıqlama bermegen. Al, onıń ornına tiykarǵı atınıń («Ziyofat») astına qawısta «Saksoninchi yillar hikayasi» dep qosımsha túsinik bergen. Kórinip turǵanınday, bul jerde «hikoyasi» sózi terminlik mánige iye emes hám bul shıǵarmanıń janrlıq anıqlaması bola almaydı. «Hikoyasi» sózi «voqea», «hangoma», yaǵnıy «áńgime» sózlerine jaqın. Sonıń ushın biziń bul shıǵarmanıń janrın «reportaj» dep anıqlap hám onı usı kózqarastan bahalawımızǵa bir qansha tiykarlar barday.

Birinshiden, avtor bayanlaw oybekti etip haqıyqıy bolǵan bir waqıyanı alǵan. Ekinshiden, waqıyanıń qatnasıwshıları, yaǵnıy shıǵarmanıń persanajları real adamlar, báriniń anıq atları, lawazımları kórsetilgen. Buǵan avtordıń ózi de kiredi. Úshinshiden, avtordıń hám personojlardıń poziciyaları tikkeley ashıq kórinedi. Tórtinshiden, reportajǵa bolǵan waqıyanı sol qálpinde, sol waqıtta izin suwıtpay bayanlap beriw tán. Bul shıǵarmada joqarıda kórsetilgen belgilerdiń barlıǵı bar. Usı esaptan oǵan «hikayası» sóziniń ornına «reportaj» sózin qoyıp, «Saksoninchi yillar reportaji» dep anıqlama bergende de hesh nárse ózgermegen bolar edi.

Eń qızıq jeri, biz bul reportajdıń jazılǵan waqtında baspadan shıqqanın, ya shıqpaǵanın bile almadıq, al biz oqıǵan variantında («Kitob dunyosi», 12-aprel 2017-jıl) bul haqqında maǵlıwmat berilmegen. Biraq, bir aytatuǵın nárse, bul reportaj jazılǵan waqtınan sherek ásir keyin de úlken qızıǵıwshılıq penen oqıladı. Onda kóterilgen máseleler búgin de aktuallıǵın joyıtpaǵan. Tili sonsha jeńil, shireli hám tartımlı, tap házir jazılǵanday. Personajlar da óziniń janlı kelbetin saqlap qalǵan. Olardıń sózlerindegi, psixologiyasındaǵı, is-háreketlerindegi kem sanlı, biraq júdá anıq hám janlı shtrixlar búgin de óziniń ómirsheńligin, qubılmalılıǵın joǵaltpaǵan. Eger de biz olardıń ayırımlarınıń házirgi kúnge kelip dúnyadan ótkenligin esapqa alatuǵın bolsaq, onda bul reportajdı olardıń yadına arnalǵan kishkene bir estelik desek te boladı.

Joqarıda aytılǵanlar «Ziyofat» reportajınıń úlken sheberlik penen jazılǵanınan derek beredi. Ol óziniń kórkemlik sapası jaǵınan biz kúnde oqıp júrgen kóp ǵana gúrriń, maqala, ocherklerden salıstırıwǵa bolmaytuǵın dárejede artıqmashılıqlarǵa iye.

Bul publicistikalıq reportaj (morallıq-etikalıq, kúndelikli turmıslıq desek te boladı) kóp qırları menen jaqsı gúrrińlerdi, ocherklerdi eske saladı. Onıń házirge deyin publicistikalıq quwatı sónbegen. Usı jaǵınan onı gúrriń–reportaj, ocherk–reportaj desek te úlken aljasıqqa jol qoyǵan bolmaymız.

Reportajdı reportaj qılatuǵın baslı nárse – bul onıń strukturalıq bólekleriniń bir – biri menen úylesimliligi, logikalıq izbe – izlikte jaylasıwı hám bayanlaw oybekti bolǵan waqıyanı házirgi rawajlanıw procesinde oqıwshılarǵa jetkerip beriw bolıp tabıladı. Usı kózqarastan «Ziyofat» reportajınıń syujetlik strukturasın qarap shıǵıw dıqqatqa ılayıq. Ol júdá ápiwayı.

Reportaj asıǵıp kiyatırǵan eki «İkarus» avtokóligin joldıń shetinde turǵan úsh hayaldıń qopal ráwishte toqtatqanınan baslanadı. Avtobuslarda Ózbekstan Respublikasınıń mádeniyat xızmetkerleri – belgili jazıwshı, shayır, qosıqshı, oyınshılarınan quralǵan delegaciya aǵzaları. Olar Qaraqalpaqstannıń túslik rayonlarında ótkerilgen mádeniyat kúnlerine qatnasıp, sapardan Nókiske qaytıp kiyatır. Programma boyınsha jolda Xojeli rayonınıń balalar internatında irkilip, ushırasıw ótkeriwi kerek edi. Biraq waqıt biymezgil bolıp qalǵanlıqtan, endi hesh jerde toqtamawǵa qarar etilgen. Bunnan xabardar bolǵan balalar úyiniń basshıları olardı qalay bolmasın irkiwge bel baylaǵan. «İkaruslardı» toqtatqan úsh hayal solar edi. Nátiyjede delegaciya aǵzaları internetke qayrılıwǵa májbúr bolıp, balalardıń keliwinen qaytıwı tez qutlı qonaǵı bolıwǵa, olardıń qolınan sawǵalar alıp, olar uyımlastırǵan ziyapatta otırıwǵa, keyninen olardıń qoyǵan koncertin kórip – tıńlawǵa májbúr boldı. Mine bar waqıya usı. Waqıyanıń basında «awır larsıldap» toqtaǵan eki «İkarus» waqıyanıń aqırında ornınan «awır jılısıp» jolǵa túsedi.

Waqıya bolıp ótken waqıt bir – bir yarım saattan aspaydı. Shama menen, reportajdı oqıp shıǵıwǵa da sol quraqım waqıt sarıplanadı.

Waqıyanıń waqtı júdá tıǵız, reportaj – gúrrińniń kólemi júdá az bolıwına qaramastan onda qatnasıwshı personajlardıń sanı júdá kóp. Biraq hárkim óz jayında, óz ornında, heshkim ziyat emes. Olardıń kópshiligi pútkil elge tanımalı, házir ómirde bar adamlar. Biraq olardıń reportaj – gúrrińdegi tutqan ornı, olardıń tanımalılıǵı yamasa xalıq aldındaǵı burıngı xızmetleri menen ólshenbeydi, kerisinshe, olardıń burıngı tabısları ózleri tosattan gúwası hám qatnasıwshıları bolıp qalǵan bir elespesiz kishkene waqıyanıń fonında maydalanıp, qunsızlanıp qaladı. Mısalı, jas shayır Zarif Muhammadtiń, belgili jazıwshı Ótkir Xashimovtıń replika-reakciyalarına qarań: «Xalq dardi – mening dardim deb qoǵoz qorolaysan. Ammo onangni etim qilib tashlab ketganingga or qilmaysan»; «Adib (Oʻtkir Xoshimov) oʻrnidan turib oʻrtaga, keldi. – Men… - «Adib jim bulib qoldi, - Men… Ne-ne davralarni, uchrashuvlarni gullatgan, ne-ne yuksak minbarlarda otoshin nutqlar soʻzlagan odam gapiralmay turardi».

Kórip turǵanımızday, avtor ushın, birinshi gezekte, reportaj personajları olardıń qálbinde usı waqıtqa deyin háreketsiz jatırǵan eń aǵla tuyǵıları, is – háreketleri menen qızıq. Nátiyjede avtor qáleminiń astında reportajdıń eń tanımalı hám heshkimge belgisiz eń ápiwayı personajları óz xarakterleriniń kúndelikli turmısta onsha kózge túse bermeytuǵın ózgeshe iláhiy tárepleriniń kórine baslaǵanınıń gúwası bolamız. Mine, kishkene bir elespesiz epizod oqıwshılardıń kóz aldında jámiyetlik – etikalıq, filosofiyalıq mazmunǵa hám publicistikalıq quwatqa iye kólemli kórkem faktke aynaladı. Sebebi avtor biytárep baqlawshı emes, ol óz poziciyasına iye: ol nedendur narazı, nedendur kewli jaralı, negedur shaqıradı, nedendur uzaq bolıwǵa úgitleydi. Lekin ol qurǵaq deklaraciyalardan, jalańash shaqırıqlardan awlaq. Bul avtordıń da, onıń reportajınıń da kúshli tárepleri quraydı.

Reportajdıń teması onıń atınan kórinip turǵanınday: ziyapat, anıǵıraǵı: ziyapattıń ziyaratqa aynalıwǵa, álbette, bul sózler tiykarında qarama-qarsı mánige iye emes, olar eki parallel sóz toparına kiredi. Biraq usı reportajdıń kontekstinde olar biri birine qarama-qarsı poziciyada turıptı hám onıń bayanlaw usılında qatar rawajlandırılǵan eki qarama-qarsı, stillik intonaciyanı payda etedi.

Reportaj-gúrrińniń basınan baslap bul eki intonaciyalıq stil qatar rawajlanıp, bir-birine fon jasap hám biriniń fonında ekinshisiniń irilenip, kúsheyip kóriniwine jol ashadı. Reportajdaǵı barlıq epizodlar internattaǵı ziyapattıń dógeregine dizilgen hám soǵan baylanıslı júzege shıǵadı.

Ziyapat barısında kútilmegen paradoksal jaǵday payda boladı. Asıǵıs, biyhuwda shabıs, biymáni áweregershilik saldarınan abaysızda ziyapat xojeyinleriniń ornı almasıp ketken. Ziyapattı internattıń jetim balaları emes, delegaciya aǵzaları beriwi kerek edi. İnternatqa olar sawǵaları menen, oyın-kúlkileri menen, ziyapatı menen keliwi kerek edi.

Delegaciya aǵzaları qasında bar pulların Vera Vladimirovnanıń qolına sadaqa esabında uslatıp, bul jerden tezirek ketiwge asıǵadı. Ótkir Xashimovtıń: «Kechiksak… ziyoratda edik, deymiz-da!» degen qısqa replikası bolǵan waqıyanıń barlıǵına shek qoyıp, olarǵa berilgen eń aqırǵı, ashınarlı hám eń ádil baha edi. Taǵı da paradoks: ziyapattan

soń dárhál ziyapatqa shıqpaydı. Jaǵdaydıń ashınarlı jaǵı da usında. Mine, biziń reportajdıń teması «ziyapattıń ziyaratqa aynalıwı» degenimizdiń mánisi usında. Gúwası bolǵanımızday, shıǵarmanıń teması – baslı pikiri hám máselesi óziniń tolıq sheshimin tapqan hám logikalıq shegine jetken. Tema ájayıp túrde ashıp berilgen.

Bul tastıyıqlawlardıń shınlıqqa jaqın ekenligine isenim payda etiw ushın endi biz shıǵarmanıń syujet elementlerine keńirek toqtap ótemiz.

Joqarıda kórsetip ótkenimizdey, avtobuslardıń toqtatılıwı hám soǵan baylanıslı epizodlar syujet ekspoziciyasın quraydı. Bul jerde eki táreptiń de is-háreketi formal kózqarastan durıs. Bir táreptiń maqseti – qalay bolmasın miymanlardı irkip, internatta ushırasıw shólkemlestiriliwi shárt. Sebebi tayarlıq kórilgen, balalar kúni menen kútip otır. Ekinshi tárep buǵan tayın emes, hátteki waqıttıń qalmawına baylanıslı irkile almaytuǵının eskertken. Kóp ushırasıwlardan, kóp banket-zıyapatlardan sharshaǵan: mashinada «uyqılap» kiyatır. Bul uyqını shoferdıń dawısı buzadı: «–Jinni bo‘lgan bular?! Esi bor odam ham yo‘lga chopib chiqadimi, Taǵin bir emas, ikki emas, uchtasi birdaniga ya? He…!» Bul úsh hayaldıń háreketine shofyordıń replika-reakciyası. Onıń, shofyordıń óz sózi menen tuwra gáp sıpatında beriliwi gáptiń ekspressivligin kúsheytip tur.

Biz reportajdıń syujeti, kompoziciyası personajlar sistemasın baqlawlarımızdı shoferyodıń replikasınan baslaǵanımız tosınnan emes. Óytkeni, tek shofyor emes, al qalǵan derlik barlıq personajlar da, birinshi gezekte tek janlı sózleri menen ózlerin tanıtadı.

Shofyordıń baqırısınan oyanıp ketken baqsı Artıq Atajanov penen jas jazıwshı Zarif Muxammedovtıń arasında avtobustıń birden toqtaǵanına baylanıslı qısqa soraw-juwabı bolıp ótedi. Bul ele neytral xarakterge iye. Al, Artıq Atajanovtıń bunnan keyingi replika-reakciyası belgili dárejede etikalıq xarakterge iye. Ol baqsınıń ishki dúnyasınıń kórinisi: «Pah-hay… oxirgi avtobus inshu, shuni to‘xtatmasam yo’lda qoldim, dap o’ylagan ku beychora. Biz yonni adamlari shundayn… Kimakan o’zi, bolasi yo’qmi qo’linda?». Bul jerde «beychora», «bolasi yo’qmi qo’linda?» sózleri konceptual áhmiyetke iye. Baqsınıń ele ózi kórmegen, bilmegen sırttaǵı biytanıs hayaldıń hal-awhalına janı ashıp atır, álle qashan oǵan keshirim de berip qoyıptı. Bul sózler baqsınıń júdá jumsaq, miyrimli insan ekenliginen derek beredi. Onnan qala berse, bul sózlerdiń sıńǵırlaǵan Xorezm dialektinde aytılıwı sózlerde sózlerdiń iyesine de tákirarlanbas qosımsha gózzallıq baǵıshlaydı. Mine dialekt sózdiń kúshi.

Bunnan basqa Artıq Atajanovtıń hawazı taǵı eki jerde jańlaydı. Birinshisi – zıyapattan soń miymanlardı koncert kóriwge mirát etkende: «Ayar, ishimiz koncert go’rish bo’lsa, go’rali! Shu qyzlarning o‘yinini go’rmay, nega getamiz! Qalay-qalay zo’rakan bu opobiyimniń, pah-hay…».

Ekinshisi – koncert tamam bolǵannan keyin kókiregin kernegen tolǵanıstan sóz aytalmay shıǵıp ketken Ótkir Hashimovtıń keyninen hámme shıǵıwǵa beyimlese baslaǵanında: « – During… Duringlo!... Man bir oǵiz… man… ishu… ishu bollorim uchun bor pulimni qoldiraman! Nurillo, mashinnan pullarni opkelinglar!...»

Kórip turǵanımızday, bul sóylem-replikalar ózbek ádebiy tiliniń fonetikalıq, leksikalıq, grammatikalıq hám t.b. tártip qaǵıydalarına say sılap-sıypalmaǵan, taralmaǵan. Olardıń shireliligi de sonda.

Joqarıda biz tallap shıqqan shıǵarmalardıń tilinen kórinip turǵanınday, bul másele de qaraqalpaq publicistleri sheberlik shıńına qaray órlep atırǵanı bayqaladı. Bul publicistikalıq shıǵarmalardıń ómirsheńligin támiyinlemekte. Sebebi, tárbiya, ádep-ikramlılıq máseleleri, adamlardı insapqa, miyrim-shápáátli bolıwǵa, úlkenge húrmet, kishige izzet, jetim-jesirge pana bolıwday insanıylıq ishki mádeniyatqa shaqırıw – publicistikanıń ásirler dawamındaǵı wazıypası bolıp qala beredi.

**Ádebiyatlar**


1. Ғабдуллин Н. Шығарма арқауы шындық. –Алматы: «Жазушы», 1968. 165-б.
2. Виноградов В.В. О языке художественной литературы. –Москва: 1959. 227-б.
3. Теория литературы. – М.: 1965. 280-б.
4. Уснатдинов Ш. «Кимге кеш, кимге таң сәҳәр…» –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2002.
5. Солганик Г.Я. Синтаксическая стилистика. –Москва: 1973.
6. Кайда Л.Г. Эффективность публицистического текста. – МГУ. 1989.
7. Карасев П.С. Проблемы теории публицистики Ленинградского университета. 1973.
8. Прохоров Е.П. Публицист и действительность. – МГУ. 1973.



**REZYUME.** Maqolada publisistik asarlarda muallifning badiiy mahorati, uslubi haqida fikr yuritilgan. Shuningdek, mavzu mohiyati va g‘oyalari misollar yordamida tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются художественное мастерство и стиль автора в публицистическом произведении. Также с помощью примеров были проанализированы суть и идеи темы.

**SUMMARY.** The article discusses the artistic skills and style of the author in journalistic works. Also, the essence and ideas of the topic were analyzed with the help of examples.